albatta so‘z. So‘z shunday qudratliki, insonni terang qayg‘uga botira oladi, kasalni davolay oladi. Ayrim insonlar o‘zlarini xotirjam sezish uchun kitob mutola qiladi va ichki xotirjamlikka erishadi. Ba’zi insonlar esa, aksincha, badiiy asarni mutolaa qilishdan ko‘ra shu asarga asoslanib tasvirga olingan badiiy filmlarni tomosh qilishni yaxshi ko‘radi. Ammo, biz ko‘rgan badiiy filmni aynnan kitobdagidek deb aytib bo‘lmaydi. Shunki filmda yozuvchining foydalangan har bir so‘zidan qisqacha qilib aytganda, yozuvchi mahoratidan foydalanilmaydi unda faqatgina qisqa asar mazmuni ifodalanadi, xalos. Bizning dunyoqarashimiz shu badiiy asarlarni o‘qish orqali rivojlanadi va komillikka erishadi.

*- Shıraǵım, doktor qızım, - degeni anıq esitildi. – sennen jalǵız ǵana ótinishim bar, Birewdiń kózin alıp, birewge salsa boladı, deydi. Meniń bir kózimdi oyıp alıp usı káradaǵı Gúlzar degen qızǵa salıń. Awa, men Marattıń ákesi usap, eń bolmasa, bir adamǵa shadlıq baǵıshlasam, ármansızban. Bul júregi ǵamgún qızdıń bir kúlgenin, quwanǵanın kórgim keledi. Ol gúllewi tiyis, nálshe kórindi, járdem etiw kerek. Gúlleydi...-dedi* [5:175].

Chinakam baxt bu insonlarga quvonch ulashish deb bayon qiladi bu qatorlar orqali mahoratli yozuvchi. Hattoki, o‘zidan yetti yosh begona kishiga ko‘z nurini hadiya qilmoqchi bo‘lgan kampir Gulzarning kasalxonada qilgan mehribonligini ko‘rib uni o‘z qizidek ko‘radi, asar boshini ko‘z oldimizga keltiraylik. Maratning otasi bitta rus qiziga g‘amxorlik qiladi va u haqida Hajarga o‘z maktubi orqali xabar bergan edi. Yuqordagi qatorlarda Hajar shu kishining qilgan yaxshiligini nazarda tutgan edi.

Mahoratli yozuvchi bu qatorlar orqali dunyoni yaxshilik qutqaradi degan keng ma’noni kitob o‘quvchilar hotirasiga muhrlagisi keladi va albatta niyatiga erishadi.

Biz yuqordagi fikrlarimiz bilan faqatgina qoraqalpoq adabiyotida emas balki dunyo adabiyotida ham shunday asarlar borligini aytgimiz keladi. Ularni o‘qigan sari yana o‘qiging kelaveradi. Yozuvchi tamonidan yaratigan badiiy qahramonlar hayoti esa kitob o‘quvchining eng yaqin insonlaridan biriga aylanishiga Shubha yo‘q. Shunday mahorat bilan yozilgan asarlar bor, ularning hech qachon tugamasligini xohlaysan kishi. Bunday asarlarda yozuvchi mahoratining aniq ko‘rnadigan yana bir tamoni, qahramon badiiy to‘qima bo‘lsa unda asar uncha ta’sirli chiqmasiligida. Aynan, biz so‘z yuritgan mahoratli yozuvchilar asarlaridagi qahramonlar bo‘lsa hayotiy qahramonlar biz ular bilan yashaymiz.

Xulosa qiladigan bo‘lsak, adabiyotdagi mahorat tushunchasi ham yuqorida aks ettirilgan fikrlarimizda namoyon bo‘ladi. Adabiyotshunos olimlar, adiblar ham bunday mahoratli yozuvchilar asarlarini o‘qib ularga o‘z fikrlarini bayon qilishdan to‘xtamasa, adabiyot bo‘stoni hech qachon rivojlanishdan to‘xtamaydi. Zero inson bor ekan, adabiyot mangu yashaydi. Ijodkorlarning asarlari yozilar ekan, ularga fikr bildiruvchilar topiladi.

**Adabiyotlar**


1. Алламбергенов К. Кең дүнаға қушақ ашқан жазыўшы. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018.
2. Бекбергенова М. Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде инсан концепциясы типологиясы. // «Илим ҳәм жәмиет» 2019 №2.
3. Бритиков Ф. А. Мастерство Михаила Шолохова. М. 1964.
4. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. – Нөкис: «Билим», 1995.
5. Қайыпбергенов Т. Повестьлер. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018.
6. Қодиров П. Ўйлар . Бадеалар.-Тошкент; Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1971.
7. Qo‘shjonov M. Oybek mahorati. Toshkent, O‘zadabiynashr, 1965.
8. Stanislavskiy K. S. Dalolatnomayoming o‘zlar ustida ichlashi, T.: 1965,
9. Umurov H. Adabiyotshunoslik nazariyasi. Toshkent A.Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti 2004.



**REZYUME**

Maqolada adabiyot nazariyasidagi mahorat masalasi so‘z etildi. Shuningdek, dunyo adabiyoti va qoraqalpoq adabiyotidagi buyuk siymolar asarlaridagi badiiy mahoratning o‘rganilish darajasiga to‘xtaldi. Maqoladagi misollar O‘zbekiston va Qoraqalpog‘iston xalq yozuvchisi, O‘zbekiston Qahramoni T.Qayipbergenovning «Uyqısız túnler» povestidan olindi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье затрагивается проблема овладения теорией литературы. Коснулся он и уровня изучения художественного мастерства в великих подобных произведениях мировой литературы и каракалпакской литературы. Примеры статьи взяты из повести «Uyqısız túnler» народного писателя Узбекистана и Каракалпакстана, Героя Узбекистана Т. Кайыпбэтргенова.

**SUMMARY**

The article touches upon the problem of mastering the theory of literature. He also touched upon the level of study of artistic mastery in the great similar works of world literature and Karakalpak literature. Examples of the article are taken from the story " Uyqısız túnler" by the People's Writer of Uzbekistan and Karakalpakstan, Hero of Uzbekistan T. Kaiypbetrgenov.


## Т.АМАНЖОЛОВТЫҢ «АСАЎ-БАРАҚ» ЖЫРЫНДАҒЫ ПАТРИОТЛЫҚ ИДЕЯ


**Т.А.Торткулбаева –** *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*

**Г.Базарбаева –** *ассистент оқытыўшы*

**Н.Ержанова –** *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Тилеуберген Аманжолов-эпик шоир, шоир-жировлар ижодидаги тарихий достонлар, тарихий достонлардаги ватанпарварлик.

**Ключевые слова:** Тилеуберген Аманжолов-эпический поэт, исторический эпос в творчестве поэтов и поэтесс, патриотизм в исторических эпосах.

**Key words:** Tileubergen Amanzholov - epic poet, historical epic in the work of poets and poetesses, patriotism in historical epics.


Қазақ әдебияты тарийхын, фольклорын, тиллик өзгешеликлерин изертлеўши алымлардың нәзерине сәтли илинген Қарақалпақ аймағы қазақ жыршы, жыраў, шайырларының арасынан шайыр сыпатында дараланып шыққан сөз шеберлериниң және бири Тилеўмағамбет Аманжол улы болып табылады.

Қазақ-қарақалпақ эпикалық поэзиясының да үлкен ўәкили болды ҳәм соңғылығында бул жанрды өз дөретиўшилигинде турақлы дәстүр тутты. Буны оның тарийхый-эпикалық жанрда жазылған шығармалары мысалынан көриўге болады.

Тилеўмағамбеттиң тарийхый жырлары еки теманы қамтыйды. Бириншиси, Жоңғар қалмақлары менен болған гүрести сәўлелендиреди, екиншиси, яўмыт басқыншылары менен гүрескен қазақ батырларының ерлигин сыпатлаўға қурылады.

Тилеўмағамбеттиң «Асаў-Барақ», «Асқар батыр», «Ермағамбет батыр», «Марқабай менен Өтешбай батыр» жырлары алым айтқанындай «тарийхта бар белгили бир уақыялар ҳаққында» ҳәм өмирде бар адамлар ҳаққында шығарылған дөретпелери. Тилеўмағамбеттиң «Асаў-Барақ» жыры, туўған елимиздиң еллигин, халқымыздың тутас бирлигин, адамлардың еркинлигин сыртқы жаўдан қорғаўдағы батыллығы, батырлығы менен танылған халқымыздың қаҳарман уллары ҳаққындағы тарийхый жыр-дәстан

болып есапланады. Аталарымыз ҳәр қашан да батырлардың ел басына күн туўған гезлердеги ер жүрек қаҳарманлығын, тапқырлығын шежирелеп, ўәсият сөзинде, ой туўғызарлық пикирлеринде өрнеклеп, әўладларын ерликке, Ўатанды сүйиўге шақыратуғын үлги ретинде үйретип, оларды түсиндирди, булардың қәсийетлери ҳаққында жыллы лебизлер айтты. Усындай жыллы лебизге, ҳүрметке ийе болғанлардың бири – Барақ батыр Сатыпалды улы. Әрўақлылығы менен ел аўзына түскен, әўлиелиги урпақларына жалғасып кеткен Барақ батыр ҳаққында шайыр Тилеўмағамбет Аманжол улы «Асаў-Барақ» жырын 1914-жылы дөреткен.

Үлкен эпикалық жырға атама болған Асаў Барақ өмиринде болған ҳақыйқый тарийхый қаҳарман. Ал, жыр мазмунына сер салсақ, ондағы сүўретленген ўақыялардың да тарийхтан онша алыс кетпейтуғынлығын көриўге болады.

Жырда Асаў Барақ айырым орынларда қаҳарманлық жырларындағыдай Асан хожа, Қусым хожа, Ата хожа сыяқлы қоллаўшысы, әрўақлары, пирлери бар дәстүрий қаҳарман сыяқлы етип сүўретлегени менен, тутас алғанда оның образы халық арасынан шыққан реаль қаҳарман сыпатында жасалады. Сонлықтан да, жыр қаҳарманы Асаў Барақты тарийхый тулға деўге болады. Оның пүткил әўладлары қарапайым халық пенен бирге жасаған, халық ар намысынан күш-жигерин нығайтқан тулғалар. С.Қасқабасов «Қалмақ шапқыншылығы гезинде халықты ерликке шақырыў идеяларын жыршылар ертедеги эпосты айтыў арқалы раўажландырған» [1] дейди. Алымның илимий пикири «Асаў-Бараққа» да келеди. Себеби, Тилеўмағамбеттиң «Асаў-Барақ» жырынан еки бағдарды көриўге болады. Биринши – жырдың бас қаҳарманлары Барақ та, Асаў да отқа түссе күймейтуғын, жаў оғы оған жетпейтуғын, пирлери дөгерегин исенимли қорғайтуғын батырлар менен тарийхый ўақыяға араласқан адамлар сыпатында жырланған. Соның ушын «Асаў-Барақ» батырлық пенен тарийхый жырлардың басы түйискен авторлық поэзияда жанрлық өзгешелигин эпослық-тарийхый жыр деп атағанымыз дурыс. Себеби, бунда тарийхый «Жылнамалық жазбалардан кем түспейтуғын» дереклер бар, батырлық жырларында көп ушырасатуғын әрўақлар да бар. Шайырдың «Асаў-Барақ» жыры:

Төрт тәрепи жаў менен,<br>
Атысып қазақ күн көрип,<br>
Баланы жаўдан қорғаған.<br>
Орыстан бурын қазақтың<br>
Қалмақ еди бир жаўы [2] – болған гезди өз ишине алады. Елиниң еллигин сақлаўда қазақ халқының төрт тәрептеги жаў менен гүрескенлиги өткен тарийхынан белгили.

«Асаў-Барақ» жырында дөгеректеги көп жаўдың соңғы екеўи менен батырлардың гүреси көрсетилген ҳәм көркем сүўретленген. Олардың гүрескен жаўы қалмақлар менен орыс отарлаўшылары еди. Жырдың тийкарғы идеясы да халықтың азатлық ой-пикири менен ушласып, азатлық идеясын көтереди. «Асаў-Барақ» жырының бас қаҳарманлары да қалмақлар менен гүреседи. Қазақ тарийхында таршылық заман ел басының биригиўине алып келди.

Барақ ерлиги, батырлығы қазақлардың Едил қалмақлары менен гүреси гезинде белгили болды. «Әлқысса, бурынғы өткен заманда Сарыарқаның даласын қазақ пенен қалмақ мәкан еткен екен. Соңынан жерге таласып, еки жақ бир-бирине жаў болып кетти. Сол Сарыарқадан қалмақларды Жәнибек, Қанжығалы Бөгенбай батырлар Қытайға шекем қуўған екен. Қалмақты қуўғанлардың ишинде Асан улы Абат батыр да бар екен. Бирде қалмақлар өзли-өзлери кеңесип, Сыбан хан Алагөбик инисин қазақларды шаўып қайтыўға атландырыпты. Алагөбиктиң дабыл урып қазақ жерине атланған гезинде Жәнибек, Тама Есет, Қанжығалы Бөгенбай батырлардың қайтыс болған гези еди. Алагөбиктиң алты мың әскер менен киятырғанын қазақтың үлкен абызы Түгел қария түсинде көреди. Түгел қария қәўипленип, көрген түсин халқына айтып турған жери екен» [2] деген сөзлер Тилеўмағамбеттен шығыўға тийисли. Ол сөзи дүзиў киси болған деп баҳалап, жырға қосқан. Жырдағы авторлық қолтаңба, мине, экспозициядан-ақ бирден көзге тасланады.

Тилеўмағамбеттиң «Асаў-Барақ» жырында батырлар образы - бирин-бири толықтырып дизбекли жырланған. Түгел қария қанлы саўашта жекпе-жекте көринбегени менен, оның әрманлы тилеги, жаслық күш-қуўаты, мақсети Барақ батыр образы арқалы көринеди.

Атамның атын айтайын,<br>
Сатыпалды улыман,<br>
Шешемниң аты Қарқара,<br>
Барақ болып туўыппан.<br>
Дайым Серке батырды,<br>
Қарсы келген жаўларын,<br>
Қонысынан аўдарған,<br>
Белгили ердиң сойыман [2]<br>
- деп, Түгелдиң ерлигин даўамлаўшы – Барақ батыр жырдың баслы образына айланады.

Барақ образы – Алагөбик пенен болған саўашта Түгел қария менен тамырлас образлар болып бериледи. Бириншиси – көпти көрген тәжирийбели болса, екиншиси – ғайратлы. Барақ образы – халқына деген перзентлик хызметин хадал орынлайтуғын шахс. Ол халқының тынышлығын ойлап өмир сүретуғын перзент болып сүўретленеди.

Барақ – намыслы ер. Алагөбик «батыры болса шықсын» дегенде бас батырдың руқсатын күтеди. Алагөбик «Атаңа нәлет ийт қазақ» дегенде, миллетиниң сүйегине тиетуғын қорлық сөзди еситгенде, бас батыр руқсатына да қарамастан, ортаға суўырылып шығады. Алагөбикти жеңип, басына бақыт қонып, сол жеңиси менен тоқтамай, жаўының басын қайта көтерместей халатқа келтириў ушын, Түгел атасының руқсат пәтиясын алып, Дусы бий ағасын кеңесши, жол басшысы етип, алты мың әскердиң қазақтың жерине салған сүрлеў изи менен Қатты Сыбанға аттанады.

Алагөбиктиң қаласы жеңилгенин еситген Қатты Сыбан елге атланған Барақлар изинен үш жүз әскер менен қуўып шығады. Барақ қуўғыншыны көреди. Алдына қарай жүриўге арланады. Барақ қасындағы қырық жигитке «Урысқа шығыўдың ғамын ет» дейди. «Жалғыз қараға қарсы шығың, жәрдем бериң» дегенде, Дусы бий:

Қасымда жүрсе Барағым,<br>
Жаўға бермес деп едим.<br>
Әруақлы батыр сен едиң,<br>
Барақ жаўдың ийеси деп,<br>
Сыналған батыр сен едиң [2] – дейди. Дусы бий сөзи Барақтың толысқан батыр жолын баслағанына гуўа болады. Барақ образы ашыла түседи.

Қырық жигиттиң гезегин,<br>
Берсең де булар ала алмас,<br>
Жалғыз турып қала алмас [2], – деген усы бий сөзи Барақтың бас батыр болғанын сыпатлайды. Дусы бий менен қырық жигитти жиберип, изинен қуўып киятырған жалғыз қараны күтип, Барақтың өзи қалады. Барақ пенен ушырасқан Қатты Сыбан: «Қазақ деген ел едиң, әййемнен жаўым сен едиң» дейди. Алагөбикти атландырдым, «Ол да барып бир жеринен, шапқан шығар елиңди» дегенде, Барақ: «Алагөбик инińди мен өлтирдим» дейди. Сонда Сыбан гезеклеспей «Қардай оғын жаўдырып» Бараққа қарсы жүреди. Жағадан услап, аты менен қосып, көк бөридей сүйрейди. Бирақ пири көмеклескен Барақ Сыбанға жеңилмейди. Дайысы Серке батыр берген алмас пенен:

Шапты батыр сағақтан,

Қан сорғалап тамақтан,
Алмас қыйып түседи,
Тоғыз қабат саўыттан [2].

Қатты Сыбанның изинен жеткен үш жүз нөкери не қыларын билмей қалады. Қатты Сыбанның Көксуўын атын, саўыт-қуралларын алып, Есилден аман өтип, қырық жигитке қосылып, елине жетип, Түгел қарияға қолға түскенлерин сыйлыққа берип, бабасының пәтиясын алады.

Түгел қария менен Барақ батыр образын сәўлелендиретуғын жерлерди жыр сюжетлери арқалы берилген. Қаҳарман образы жеккеленип, қаҳарманлығы менен батырлығы тартыс арқалы көринеди. Батырдың батырлық келбетин айқынлайтуғын баслы шәртлериниң биринshиси – елин сүйгенлиги болса, екиншиси – батырдың батырлық сыпатын қарсылас батыр дәрежеси ашады.

Барақтың Алагөбик пенен, Қатты Сыбан менен болған саўашларында қатнасқан Тайшық, Дусы бийлер – Барақ образын салыстырмалы түрде айқынлайтуғын образ. Олар да унамлы адамлар сыпатында көринген образлар болып есапланады.

«Асаў - Барақ» жырының эпосқа уқсаслығы оның жанрлық сыпатын қарақалпақ қаҳарманлық жырлары-ның «Едиге», «Ер Шора», «Дәўлетиярбек» сыяқлы тарийхый қаҳарманлық түрлерине жақынлатады.

Эпослық жырда бас қаҳарманды ҳәр тәреплеме сыпатлап, жан-жақлама ашыў эпикалық жырдың тийкарғы методының бири. «Қобланды», «Ер Тарғын», «Қамбар батыр» жырларында ўақыя бас қаҳарман дөгерегинен баслаў алып, таратылып отырады. Тилеўмағамбеттиң «Асаў-Барақ» жырында да Барақ барлық ўақыяның өзеги.

Барақ үшинши бөлимде Хийўа ханы Әўез Инақ елин Надир шахтан азат етип, жеңиске ерисип, елине келгеннен кейин парахат өмир сүреди. Бирақ, «сиясий өмирдеги тепе-теңдик бузылған жерден» Айшуақ хаты Бараққа жетеди. Айшуақ хаты арқалы Барақтың тыныш өмири, турмысы бузылып, «жаңа ўақыя бас көтереди». Бундай «бас көтериўлер» бар жерде жаңа ўақыялы дөретпелер пайда болады. Себеби, «бас қаҳарман бар жерде ўақия да, ис-ҳәрекет те бар» [3]. Шайыр-жыраўлар дөретпелери өмир ўақыясы орайында өмирбаянлық ўақыя раўажланыўы тағы да даўам етеди. Барақ төртинши бөлимде тағы да жаңа ўақыяға араласып, тағы да жаңа образларға ушырасамыз. Оның баслы себеби ўақыяны дизбеклеп хронологиялық тәртипте атқарыў уақыт пенен байланыслы. Бир ўақыя менен екинши ўақыя өз-ара байланысып, бир-биринен пайда болып отыратуғын ўақыт ҳәм кеңисликке тийисли жағдайда» [3]. «Асаў-Барақ» жыры жалғаса түседи. Ўақия даўамы да батырдың образы дөгерегинде раўажланады. Мәселен, Қатты Сыбан Барақлардың кейнине түсип, қуўып шыққанында, Барақ Дусы бийге:

- Мынаў Барақ иниңди,
Душпан бетке тасланыз,
Қазам жетсе өлермен,
Ақтық жолын көрермен.
Егер қазам жетпесе,
Киятырған қалмақты
Бир тоқтатып берермен [2], – дейди. Атақлы батыр душпанды тоқтата алады.

Ўақыядағы композициялық тутаслық образды басқышпа-басқыш пайда етеди. Себеби, ўақыя бар жер-де, композициялық бүтинлик бар, ол жерде батыр обра-зы бейнеленеди.

Атасындай ер болып,
Арысландай шер болып,
Барақтан Асаў туўғаны,
Әрўақ қонып басына,
Атаның жолын қуўғаны.
Он еки жаста атланып,
Белине қарыў буўғаны,
Усы жерде басланар,
Асаў Барақ болғаны [2].

Барақ образы арқалы Асаў жырға қосылады. «Асаў-Барақ» жырындағы батырдан басқа образлар да Барақ этирапынан узақласса, Қобланды айналасындағы образлардай қысқа жуўмақланады. Төртинши бөлимде – Асаў ата жолын даўамлаўшы батыр сыпатында экспо-зициялық таныстырыў болғаны менен, шын мәнисинде ўақыя мазмуны Асаў арқалы раўажланбайды. Барақ бас батыр болып жыр сахнасында қалады. Соның менен бирге, Барақ арқалы ўақыя раўажланып көрине береди.

Жуўмақлап айтқанда, Т.Аманжоловтың «Асаў-Барақ» эпикалық дөретпесиндеги бундай сыпатлы белгилер, биринshиден, оның қазақ-қарақалпақ халық аўызеки поэзиясы, сондай-ақ жазба әдебиятындағы эпос дөретиў дәстүри тийкарында келип шыққан фольклор ҳәм жазба әдебият синтезинен дөрелген тарийхый-қаҳарманлық жыр екенлигин көрсетсе, екиншиден, Т.Аманжолов өмир сүрген дәўирдеги қара-қалпақ аймағы қазақ шайыр-жыраўлар мийрасындағы жекке авторлық дөретиўшилик сыпатлардың тереңлескенлигиниң бир көриниси де болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Ақын-жыраулар. – Алматы: «Ғылым», 1979.
2. Қайролла Иманғалиев ақын-жыршы // «Мәдениет және тұрмыс». – Алматы, 1979.
3. Ыбыраев Ш. Эпос әлемі. –Алматы: «Ғылым», 1993, 100-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Қорақалпоғистонда яшаб, ижод қилган қозоқ шоири Т.Аманжолов ижодидаги тарихий мавзу ўрганилади. Т.Аманжоловнинг «Асаў-Барақ» достонидаги қаҳрамонлар, достондаги ватанпарварлик, тинчлик учун кураш таҳлилга тортилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается историческая тема в творчестве казахского поэта Т. Аманжолова, жившего в Каракалпакстане.

Анализируются герои эпоса Т. Аманжолова «Асау-Барак», патриотизм и борьба за мир в эпосе.

**SUMMARY**

The article deals with the historical theme in the work of the Kazakh poet T. Amanzholov, who lived in Karakalpakstan. The heroes of T. Amanzholov's epic "Asau-Barak", patriotism and the struggle for peace in the epic are analyzed.